



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMANN POU PWOPZYON POU REDEVLOPLE TÈMINAL A NAN BUFFALO'S OUTER HARBOR

Pwojè a Pral Enkli Vant Pasèl ak Plizyè Bilding, ki Gen Ladan Youn nan Pi Gwo Bilding sou Litoral Buffalo a

Foto Evènman Pwopriyete a Disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon Demann pou Pwopozisyon pou redevlope bilding lan ke yo rele Tèminal A nan Buffalo's Outer Harbor (Pò Eksteryè Buffalo), yon bilding ki mezire apeprè 550,000 pye kare ki vid depi plizyè ane. RFP sa a prezante yon opòtinite pou devlopè byen imobilye ki gen eksperyans pou achte ak transfòme tèminal prensipal la ak twa bilding adjasan an yon destinasyon litoral inik, ki sitiye nan 901 Fuhrmann Boulevard. Erie Canal Harbor Development Corporation, yon antite eta, prevwa ke pwojè a ta kapab genyen ladan l'espas rezidansyèl, restoran, espas biwo, atraksyon kiltirèl ak pakin. Pwopozisyon yo dwe soumèt jiska 8 p.m. nan jedi 30 mas 2023.

"Tèminal A se yon gwo estrikti vid ki gen gwo potansyèl pou l vin yon destinasyon ki chita sou siksè lòt amelyorasyon Outer Harbor a", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Kounye a se moman pou Buffalo pwofite avantaj achitektirèl inik ak istorik sa a, menm jan ak sa ki te pase ak gwo tèminal nan lòt vil bò litoral yo. Nou pa ka tann pou nou wè pwopozisyon kreyatif yo soumèt pou transfòme pwopriyete a an yon destinasyon ki pral atire vizitè bò dlo yo pandan y ap bay yon kote inik pou viv ak pwospere tou."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Vizyon Gouvènè Hochul pou redevlopman Tèminal A reprezante yon lòt etap ankò nan revitalizasyon dramatik bò lanmè Buffalo a. Nou te wè ki jan Outer Harbor a te vin tounen yon destinasyon ke moun dwe wè, k ap benefisye envèstisman entelijan ki te non sèlman kreye djòb, men ki te kreye fyète nan yon kote moun vle viv, travay ak vizite."

Tèminal A se yon estrikti an brik ki gen ankadreman an asye ki te konstwi an 1930-1931. Bilding lan gen ladan yon zòn depo ki wo sou bò sid la, espas depo nan premye ak dezyèm etaj la, ak yon zòn biwo nan ekstremite lès bilding lan. Se achitèk remakab Albert Kahn ki te fè konsepsyon bilding lan pou Ford Motor Company. Yo te deziyen Tèminal A

yon moniman lokal an 2019. Nan vant lan gen ladan tou bilding sipò ki tou pre yo ke yo rekonèt kòm Batiman Administrayon (Administrasyon Building), Mezon Ponpye (Fire Pump House), ak Batiman Ble (Blue Building). Bilding sipò yo gen ladan sa ki annapre yo:

- Batiman Administrayon an: 6,700 pye kare estrikti an brik ki gen ankadreman an asye ki gen ladann yon garaj ak zòn depo ak espas biwo.
- Mezon Ponpye: Estrikti 370 pye kare.
- Batiman Ble: 4,300-pye garaj ki gen ankadreman an metal.

Pwopriyete bò lak la gen ladan 1,720-pye lineyè dig vètikal ak apeprè 1.7 ekta tè glisman dlo pwofon otou bò sid la.

Prezidan Erie Canal Harbor Development Corporation, Robert Gioia, te deklare, "Redevlopman Tèminal A pral mennen Outer Harbor a nan yon lòt nivo kòm yon lokal litoral nan vil la. Lè nou pran avantaj sou jwayo achitektirèl inik sa a, nou pral jenere plis vizitè, atire rezidan pou premye fwa yo, ak ogmantasyon aktivite - tout pandan n ap asire Outer Harbor rete kòm yon destinasyon pandan tout ane a."

An 2021, Erie Canal Harbor Development Corporation (ECHDC) te adopte yon Plan Pwojè Jeneral (General Project Plan, GPP) 150 milyon dola pou prèske 81 ekta tè nan Outer Harbor a. Amelyorasyon Faz 1 yo, ki sitiye nan nò sit devlopman an, deja sou pye pou yon pri 43 milyon dola. Yo ka jwenn GPP a [isit la](#).

ECHDC pral kenbe dwa pwopriyete pasèl adjasan yo ki nan nò 901 Fuhrmann Boulevard, ki gen ladan konplèks Tèminal B a ki pral separe ak pasèl 901 Fuhrmann lan. Kounye a, konplèks Tèminal B a ap konvèti an yon etablisman evènman piblik ki pral òganize pwomnad/evènman charitab, konsè, ak festival kiltirèl yo. Konplèks la pral gen ladan yon sèn anplennè ak yon gazon an pant nan direksyon sèn lan nan ki kapab akomode jiska 8,000 vizitè. Adjasan a konplèks Tèminal B a se Lakeside Bike Park ki telouvri an 2019. Pak bisiklèt piblik sa a gen ladan twa pakou bekàn touteren iben, yon pakou abilite ak yon wout pou ponp. Sitiye ant pak bisiklèt la ak Tèminal B a nou jwenn Great Lawn, yon gazon anplennè ki plis pase 1 ekta ki apwopriye pou yon varyete aktivite pasif. Chak eleman sa yo konekte ak kèk pati nan Greenway Trail la ak pasaj pyeton yo.

Odela nò sou Fuhrmann Boulevard gen plizyè lòt sit rekreyasyon pasif ki posede ak kontwole pa ECHDC. Sa yo se Bell Slip, Wilkeson Pointe, ak First Buffalo River Marina. Bell Slip sitiye nan mitan pwopriyete ECHDC la. Gras ak yon akselerasyon finansman piblik ke Gouvènè Hochul te dirije e li te anonse [nan mwa out la](#), konstriksyon pral kòmanse an 2023 nan sit sa a pou amelyore pakin vizitè yo, amelyore koneksyon santye pyeton yo, bay yon apèsi nan kwen Bell Slip, epi konstwi yon bilding twalèt piblik. Yo ap fè konsepsyon plan yo pou amelyore ekipman yo ke yo ofri nan Wilkeson Pointe. An 2024, konstriksyon pral kòmanse nan yon nouvo bilding ki pral ofri manje ak bwason, ansanm ak twalèt. Bilding nan pral gen yon zòn syèj sou plaj epi li pral adjasan ak tèren lwazi yo.

Yo pral amelyore tou espas pakin ki nan Wilkeson Pointe lan pou diminye chevochman ak santye bisiklèt yo. First Buffalo River Marina gen plis pase 100 lansman bato pou lwazi pèsònèl ak aksè ak dlo.

Malgre ke li pa imedyatman adjasan, Buffalo Harbour State Park ak Sun Life Marina yo sitiye jis nan sid sit devlopman an. Marina nan gen plis pase 1,000 lansman bato e li te wè prèske 35 milyon dola nan envestisman piblik ak prive pandan senk ane ki sot pase yo.

RFP konplè a disponib [isit la](#) (nòt: li obligatwa pou gen yon kont gratis sou sitwèb New York Contract Reporter pou rive telechaje RFP a), epi pwopozisyon yo dwe soumèt jiska 8 p.m. nan jedi 30 mas 2023. Yon reyinyon pre-soumisyon ak vizit sou sit la pral fèt nan 1 p.m. nan jedi 15 desanm nan biwo ECHDC a nan 95 Perry St. nan Buffalo. Antite ki reponn ak RFP sa ka pwopoze nenpòt konbinezon itilizasyon ki pral fè objektif devlopman an avanse ak satisfè tout egzijans devlopman an jan sa dekri nan RFP a.

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Jodi a, Tèminal A chita kòm yon rès vid pase endistriyèl Buffalo a. Pwosesis pou retounen estrikti istorik sa a nan dwa pwopriyete prive a nesèsè pou deklanche Kredi Taks Istorik Federal ki sipòte prezèvasyon ak transfòmasyon resous istorik sa a kòm yon nouvo destinasyon enteresan ki bati sou pwogrè litoral kontinyèl nou an. Kredi Taks Istorik Federal yo, ki ta reprezante 20% nan depans total redevlopman yo, yo te yon gwo katalizè pou redevlopman anba lavil Buffalo, ki te deklanche apeprè 1 milya dola nan aktivite devlopman nan rejyon an."

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "RFP pou redevlopman Tèminal A prezante yon opòtinite inik pou moun k ap chèche bati sou siksè litoral revitalize Buffalo a. Gouvènè Hochul ak Eta New York te kontinye bay priyorite amelyorasyon Outer Harbor a ak Canalside, epi pwojè sa a pral sèlman ranfòse momantòm ak envestisman nou te deja wè a."

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Transfòmasyon Tèminal A pral ajoute sou pwogrè nou te fè pandan ane yo pou devlope Outer Harbor ak zòn Canalside yo. Outer Harbor te vin tounen yon destinasyon, pa sèlman pou rezidan zòn nan, men pou moun ki vizite bèl vil nou an. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman kontinyèl li anvwil nou an."

Enfòmasyon sou Erie Canal Harbor Development Corporation a

Se yon konsèy ki gen nèf manm, kote gen sèt direktè ki gen dwa pou vote ak de (2) direktè dofis ki pa gen dwa pou vote, ki ap dirije Kòporasyon Devlopman Kanal Pò Erie (ECHDC) a. Gouvènè Eta New York la te rekòmande sèt direktè ki gen dwa pou vote yo, epi se Kòporasyon Devlopman Iben Eta New York (New York State Urban Development Corporation) lan ki fè biznis kòm Empire State Development lan antanke sèl aksyonè ECHDC ki nonmen yo. De pozisyon direktè dofis ki pa gen dwa pou vote yo se Egzekitif Konte Erie a ak Majistra Vil Buffalo a.

Antanke filyal Empire State Development, ajans prensipal devlopman ekonomik Eta a, Erie Canal Harbor Development Corporation la ap sipòte epi ankouraje kreyasyon enfrastrikti ak aktivite piblik nan Canalside, koridò Ohio Street ak Outer Harbor ki atire yon mas investisman kritik, prive epi amelyore jwisans bò lanmè a pou rezidan ak touris nan lwès New York yo. Vizyon li se revitalize bòdmè rejyon Lwès New York la epi retabli kwasans ekonomik nan Buffalo baze sou eritaj fyète, enpòtans iben ak bote natirèl rejyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418